Project Hospitality

EMERGENCY Shelter NETWORK

NYDIS NEW YORK DISASTER INTERFAITH SERVICES 20TH ANNIVERSARY

NYC Office of Faith-Based and Community Partnerships

# AY SOXLA BAYAAL NGIR KËRU JAAMUKAAY YALLA AK MBOOTAAY BUY YËNGU CI WÀLLU NGËM (FAITH-BASED ORGANIZATION, FBO)

# LAAJ YUÑU JAGLEEL SAYTU LAQUKAAY YU NEGANDIKI CI TERANGA

NYC mingi jàmarlok ab crise humanitaire bu metti lool, bi li ëpp **70,000 Ñaankat Asil Aksee jugee ci Amerig Latin ak Afrik Soowu Jant** ci at yu mujj – ak ñeneen ñuy aksi ayu-bis bu mujj. Réso Laqukaay bu Jamp (Emergency Shelter Network) Sàrwiisi Lëkëlo Ngëm Tis Bu New York (New York Disaster Interfaith Services, NYDIS), rawatina ci lëkkaloo ak NYC, dina jagleel koppar bu toolu ci 5 laqukaay ci bépp cosaanu ngëm, ngir toppatoo ci bes lëm ci bërapu teranga ci 12-24 weer yuy ñëw ngir dimbalii lu toolok 150 gan bes bu nek ci 12 ba 24 weer yuy ñëw. Dañoo wara ubbi làqukaay yi 365 fan ci at mu nekk digante 7 waxtu ci suba ba 7 waxtu ci ngoon

**Këru jaamukaay Yalla bu nekk wala Mbootaay buy yëngu ci wàllu ngëm dafa WARA am:**

- 6+ Sangukaayi benn kabin (wala barab ak bëgg-bëggu samp ay sangukaay)
- Ab sistemu génnee lakk
- Ab waañu commercial lëm buy dox (wala lekk bi mën na doon luñuy indi), buy togg ay ñam yu bari (bokk na ci, suñ ko laajee ay tànnéefi Vegan & Vegetarien te mën naa am ay tànnéef Halal)
- Sàrwiisi xarañtéef ci kalaama, ñiy defal yalla ak liggéeykat yi (español, farañsé, farañsé Afrik-Soowu Jant, Wolof, ak yeneen)
- Man-manu feccali ci dëkkuwaay yu jaadu (yu mel ni soxlaay kalaama, diine ak jotiin)

**Fay:** Ba ci $54,000 weer wu nekk, awansu weer, fi ab dàll di dajalee depenses yi ngir yile sàrwiis:

- Joxe concierge ($100/Bis wala lu toll ci $3,000/nekk)
- Ab lëkkalekaay Santaru Dalal bi 7 waxtu ci suba ak 7 waxtu ci ngoon ($30/waxtu = $11,000/weer – ci yi nga xamantane mën nañ ci fay ay njuréef suko laajee)
- Digante 7 waxtu ci suba ak 7 waxtu ci ngoonab nit buy toppatoo kaarànge bu am License ($360/bis wala ba ci $11,000/ weer)
- Lekk: Añ ak njogonal yu tang bis bu nekk ci 150 ($5nit ku nekk bis bu nekk = $23,000/weer)
- Allocation wu Assurance (ba ci $1000/weer)
- Ay bagas ($2,000/weer) & Support yuñu Nangu ci njëlbéen ($2,500/ weer)
- Allocation Wifi ak Tele ci fiil bu nekk ($165/weer)
- **Ab allocation wu jëfandikoo barab bi/sàrwiisi askan wi tolloo ak 25% ci mbooleem fere doxal yuñu wara fay weer wu nekk – ba ci $13,000 weer wu nekk.**

**Lan la Reso Laqukaay bi yore mbir yu jamp NYDIS yi di joxe?**

- Ab laqukaayu Saytu Liggéey (Shelter Operations Manager) NYDIS ngir jagleel tàggat ngir dimbali sa doxalinu laqukaay: bokk na ci ndimbal ci wàllu logistik, faktir, ndimbalu dalal ci ayu-bis bu nekk.
- Ab awansu liggéeyu weer ba ci $54,000 ak Njëgu Jëfandikoo Bayaal $13,000
- Ab ordinatër portaabal ngir topp teewaay bi te jébbal ay néttali/formileer niñ ko bëggee.
- Ay subvention ngir yokk ay Duus
- Ay royuwaayi kaarànge, póot, njaayum lekk ak, suko laajee, ay jaaykat
- Ay sarbet/Njampee, ay kit hygiènique; yere Yuñuy Séddale
- Ay Jumtukaayi Tàggat ak Ndimbal ngir dal bu nekk, ay liggéeykatam ak ay defalkati yalla yi

Ngir laaj lu aju ci nan lañuy def ngir jappale sunuy gan yu bees yu nekk ci crise ci teranga ak laqukaay bu wóor te nan ngay fay:

## REMPLIRAL FORMILEER BI CI NET BI:

## https://howalert.org/HospitalityCenterSurvey

*Anket bi dina tax ñu mëna xool ndax mën nga bokk ci ab kontaraa wu laqukaay. Remplir formileer bi du tax nga engagé wu ci lenn, yaw wala sa këru-liggéeyukaay ci leneen ludul abak waxtaanu gëstu.*

**Xibaari ñaankatu asiil**

**Anketu net bi**